**दिन–सोमवार** **दिनांक–17.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय मंत्री भूपेंद्र यादव आइ कहलनि जे दू हजार पच्चीस–छब्बीसक केन्द्रीय बजट भारत के एक विकसित राष्ट्र बनेबाक संकल्प के पूरा करऽबला बजट अछि। श्री यादव पटना मे केन्द्रीय बजट पर एक परिचर्चा मे कहलनि जे एहि मे पैघ चीज सभक अलावा एमएसएमई, गिग वर्कर, किसान आ रेहड़ी–पटरीबला सभ के ध्यान राखल गेल अछि। ओ कहलनि जे बिहारक लेल दू ग्रीनफिल्ड एयरपोर्ट के प्रस्ताव अछि। ओतहि, राज्यक खाद्य प्रसंस्करण के क्षेत्र मे सामर्थ्य के बढ़ेबाक लेल मखाना बोर्ड आ नेशनल इंस्टीच्यूट ऑफ फूड टेक्नोलॉजी एंटरप्रेन्योरशिप आ मैंनेजमेंट स्थापित करबाक घोषणा कयल गेल अछि। संगहि, केन्द्रीय मंत्री नवाचार बढ़ावा देबाक लेल पचास हजार नव अटल टिकरिंग लैब खोलबा आ आर्टिफिशियल इंटेलिजेंसक लेल आगामी बीस वर्षक रणनीति बनेबाक सेहो चर्चा कयलनि। कार्यक्रम के उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सेहो संबोधित कयलनि।

---

बिहार विद्यालय परीक्षा समितिक मैट्रिकक वार्षिक परीक्षा आइ सँ प्रारंभ भऽ गेल। एहि वर्ष मैट्रिकक वार्षिक परीक्षा मे लगभग सोलह लाख परीक्षार्थी भाग लऽ रहलाह अछि। एहि मे आठ लाख अठारह हजार छात्रा लोकनि छथि। एक हजार छओ सय सतहत्तरि परीक्षा केन्द्र पर पच्चीस फरवरी धरि दू पाली मे परीक्षाक आयोजन कयल जायत। एम्हर बिहार बोर्ड परीक्षाक सुचारू संचालन के लेल पटना मे एक कंट्रोल रूमक स्थापना कयलक अछि। एकर नंबर– शून्य छओ एक दू, दू दू तीन, दू दू पांच सात आ शून्य छओ एक, दू दू दू तीन, दू दू दू सात अछि। एहि दुनू नंबर पर कोनो प्रकारक सहायताक लेल संपर्क कयल जा सकैत अछि।

---

सीवान जिला आ एकर लऽगपासक क्षेत्र मे आइ भोर करीब आठ बाजि कऽ तीन मिनट पर भूकम्प के हल्का झटका महसूस कयल गेल। भूकम्प के झटकाक अनुभव होयबाक बाद लोक घबराकऽ अपन घर सँ बाहर निकल अएलाह। भूकम्पक तीव्रता रिक्टर पैमाना पर चारि दर्ज कयल गेल अछि। एकर केन्द्र बिन्दु सीवानहि मे स्थित छल।

———————————————————————

भारतरत्न जननायक कर्पूरी ठाकुर के पुण्य तिथि पर राजधानी पटना सहित प्रदेश भरि मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। पटना स्थित जननायक कर्पूरी ठाकुर स्मृति संग्रहालय मे आयोजित राजकीय समारोह मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा सहित कतेको मंत्री आ गणमान्य लोकनि जननायक के प्रतिमा पर माल्यार्पण कयलनि आ हुनका भावसिक्त श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

———————————————————————

राष्ट्रीय लोक मोर्चाक प्रमुख आ राजसभा सांसद उपेन्द्र कुशवाहा बिहटा मे प्रस्तावित हवाई अड्डाक नाम जननायक कर्पूरी ठाकुर के नाम पर रखबाक मांग कयलनि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री कुशवाहा कहलनि जे एहि संबंध मे ओ केन्द्र सरकारक सोझा आग्रह पत्र रखताह। ओ सभ राजनीतिक दल सँ भारतरत्न कर्पूरी ठाकुर के सम्मानक लेल एहि मुहिम के समर्थन देबाक अपील कयलनि अछि।

———————————————————————

राज्य सरकार लोक सभ सँ फिलहात किछु दिनक लेल कुंभ यात्राक कार्यक्रम नहि बनेबाक अपील कयलक अछि। मुख्य सचिव अमृतलाल मीणा कहलनि जे एखन राज्यक सभ प्रमुख रेलवे स्टेशन पर कुंभ जायबला यात्री सभक अत्यधिक भीड़क कारणे अफरा–तफरीक स्थिति बनि रहल अछि। ओ लोक सभ सँ भीड़ कम होयबाक बाद यात्राक कार्यक्रम बनेबाक अपील कयलनि। एम्हर नव दिल्ली रेलवे स्टेशन पर भेल भगदड़ के बाद राज्यक सभ प्रमुख रेलवे स्टेशन पर सुरक्षा–व्यवस्था बढ़ा देल गेल ओतहि, पटना जंक्शन पर सेहो सुरक्षा–व्यवस्था बढ़ा देल गेल अछि। आरपीएफ के वरिष्ठ कमांडेन्ट प्रकाश कुमार पांडा कहलनि जे स्टेशन पर अतिरिक्त सय रेलवे कर्मचारी सभ के तैनात कयल गेल अछि।

———————————————————————

सड़क सुरक्षा अभियानक संबंध मे आइ पटनाक अधिवेशन भवन मे कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। एहि अवसर पर परिवहन मंत्री शीला मंडल लोक सभ सँ सुरक्षा नियमक पालन करबाक अपील कयलनि।

———————————————————————

राज्यक चारि शहर मुजफ्फरपुर, दरभंगा, गया आ भागलपुर मे मेट्रो परिचालन सँ जुड़ल सर्वे रिपोर्ट संबंधित कंपनी नगर विकास विभाग के सौंपि देलक अछि। सर्वे रिपोर्ट मे चारि शहर मे मेट्रो रूटक लंबाई आ स्टेशनक जनतब देल गेल अछि।

———————————————————————

पश्चिम पंचारण जिलाक नरकटियागंज मे गोपालब्रह्म स्थान लऽग अपराधी सभक गोलीबारी मे एक व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेल।

सहरसा जिलाक दिवारी स्थान मे पहिले बेर दू दिवसीय राजकीय विषहरा महोत्सवक आयोजन कयल जा रहल अछि। महोत्सवक उद्घाटन स्थानीय सांसद दिनेश चंद्र यादव आ जिला अधिकारी वैभव चौधरी कयलनि।

———————————————————————

समाप्त